EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# EMBROIDERY OF “KOK KOYLEK” IS A MIRROR OF NATIONAL CRAFTS

**Tursinmuratova B.M.**
History of the Republic of Karakalpakstan
researcher of the state museum of folk art
https://doi.org/10.5281/zenodo.18310015

**ARTICLE INFO**

Received: 14th January 2026
Accepted: 19th January 2026
Online: 20th January 2026

**KEYWORDS**

*Karakalpak people, pattern, sample, handicraft, blue dress, shinakap, shanash, embroidery, sauit nagys.*

**ABSTRACT**

*This article examines the traditional art of embroidery of the Karakalpak people, its formation history, and cultural-aesthetic significance. In particular, the embroideries on women's blue dresses kept in museum collections, their harmony, sewing methods, pattern composition, and their symbolic meanings are selected. In addition, the role and skill of Karakalpak women in craftsmanship, passed down from generation to generation, is demonstrated through the example of various items decorated with embroidery, such as bowls, equipment, sleeves, and clothing details. The article reveals the ethnographic and artistic value of Karakalpak embroidery based on museum exhibits. The preservation status and museum value of the exhibits make them a valuable source for scientific and ethnographic research.*

# ВЫШИВКА “КОК КОЙЛЕ”- ЗЕРКАЛО НАЦИОНАЛЬНОГО РЕМЕСЛА

**Турсынмуратова Б.М.**
https://doi.org/10.5281/zenodo.18310015

**ARTICLE INFO**

Received: 14th January 2026
Accepted: 19th January 2026
Online: 20th January 2026

**ABSTRACT**

*В данной статье рассматривается традиционное искусство вышивки каракалпакского народа, его история формирования и культурно-эстетическое значение. В частности, выбираются вышивки на синих платьях женщин, хранящихся в музейных фондах, их гармония, способы шитья, композиция узоров и их символические значения. Кроме того, на примере различных предметов, украшенных вышивкой, таких как чаши, снаряды, рукава и детали одежды, демонстрируется роль и мастерство каракалпакских женщин в ремесленничестве, передаваемое из поколения в поколение. Статья раскрывает этнографическую и художественную ценность каракалпакской*

KEYWORDS

*Каракалпакский народ, узор, образец, рукоделие, голубое платье, шиникап, шанаш, вышивка, сауыт нагыс.*

*вышивки на основе музейных экспонатов. Состояние сохранности и музейная ценность экспонатов делают их ценным источником для научно-этнографических исследований.*

# КӨК КӨЙЛЕК КЕСТЕЛЕРИ-МИЛЛИЙ ҚОЛ ӨНЕР АЙНАСЫ

**Турсынмуратова Б.М.**
Каракалпакстан республикасы тарийхы
хам мәденияты мәмлекетлик музейи илимий хызметкери
https://doi.org/10.5281/zenodo.18310015

ARTICLE INFO

Received: 14th January 2026
Accepted: 19th January 2026
Online: 20th January 2026

KEYWORDS

*Qaraqalpaq xalqı, naǵıs, úlgi, qol óneri, kók kóylek, shanash, shınıqap, kesteshilik, sawıt naǵıs.*

ABSTRACT

*Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń dástúrli kesteshilik óneri, onın tariyxı qáliplesiwi xám mádeniy-estetikalıq áhmieti qarastırıladı. Ásirese, muzey fondlarında saqlanıp atırgan xayal-qızlardıń kók kóylerindegi kesteler olardıń úylesimi,tigiliw usılları,naǵıs kompoziciyası ondagı rámziy mánileri tańlanadı. Sonday –aq keste menen bezelgen xár túrli buyımlar-shanash,shınıqap,jeń ushları,kiyim bólekleri sıyaqlı eksponatlar mısalında, qaraqalpaq xayal-kızlarınıń kol ónerdegi ornı,sheberligi áwladtan-áwladqa ótip kele jatqanlıgı kórsetiledi. Maqala muzey eksponatları negizinde qaraqalpaq kesteshiliginiń etnografiyalıq xám kórkemlik qımbatın ashıp beredi. Eksponatlardıń saqlanıw xalatı xám muzeylik kádiri olardı ilmiy-etnografiyalıq izertlewler ushın bahalı derekkózge aynaldıradı.*

Қарақалпак ҳалкы мәдений раўажланыўында жетискенликлерге ерискен аз санлы миллетлердиң бири. Қаракалпак искусствосынын әсирлерди қамтыйтуғын тарийхы бар. XIX-әсирдиң ақыры хәм XX-әсирдиң басында Қарақалпакстанға келген европалылар халыктың кийиниўи,безениў хәм турмыс затлары туўралы тек үстиртин ғана жазған. 1873-жылы жазда Жаңа-дәрьяда болған американ журналисти А.Я. Мак-Тахан,1874-жылы Шымбай базарын көрген Риза-кули-Мирза,1901-жылы Петро-Александровскиден Нөкиске дейин қайықлы саяхат еткен. А.Россиковалардың жазғанларында қарақалпақ кол өнериниң үлгилери азлы-көпли сүўретленеди. 1930-жыллары Москва, Ленинград илимпазлары басшылық еткен. Экспедициялар қол өнери үлгилерин жыйнаў, сүўретке түсириў жумысларын жүргизди. 1928-1929-жылларга А.Л.Мелковтың экспедициясы соңынан С.П.Толстов, Т.А.Жданко, А.С.Морозова, И.В. Савицкийлер жыйнағы қарақалпақ қол өнеринин үлгилери Ленинградтағы этнография музейинен, Москвадагы Шығыс халыклары искусствосы музейинен,нөкис музейлеринен орын алды.Қарақалпак халкы XIX-әсирдин ақыры XX-асирдин басында жокары

шеберлик хам эстетикалык байлықты көрсететуғын нағысланған кийим, безениў затларын турмыс буйымларын ислеген. Отаўдың әшекөйлери, қыз-келиншектиң мереке кийимлери, жүйрик аттың ер турманы хэм басқа көп нәрселер халык шеберлериниң творчестволық фантазиясын оятып отырган.Белгили нағыслардан композиция курыў,бояўларды сайластырыўда халык шеберлери түўсилмейтуғын вариантлар жасаған. Затлардың формасында, олардың атында, нағысланыўында, исләниў техникасында қарақалпақ қол өнери буйымларынын баска бирканша халыклар исскуствосы менен озиниң тәкирарланбайтуғын өзгешиликлерине ийе.

Қарақалпақ қол-өнери мынадай түрлерге бөлинеди: Зергершилик, кесте тигиў, гилем хэм қур токыў, ағашқа нағыс ойыу хам басқалар. Қол өнериниң бир түри: Кестешилик өнери.

Қарақалпақша кесте тигиў өнери халық шеберлериниң әжайып үлгилерине ийе. Гейпара кестели кийим, кийимниң бөлеги,нағыс түрлери,олардың орналысыў композициясы,иреңлери баска коңсылас ямаса теги бир халыкларда ушырасады. Нөкис, Москва, Санкт-Петербург музейлериниң қарақалпақ халык өнери бөлимлерине қарағанда, XX-әсирдиң шерегинде ең көп таралған кестели кийим қызыл киймешек болған. Ол узатылатуғын қыздың хэм келиншектиң жас ҳаялдың мереке –жыйында кийетуғын баслы кийими болған. 1902 –жылы «Русский вестник» журналында жәрияланған. А.Е.Россикованың «По Амударье от Петро-Александровска до Нукусе» деген очеркинде қызыл киймешектиң сүўретлемеси берилген. «Барлык салтанатлы жыйынларға олар «киймешек кесте» деп аталатуғын колпақ кийеди. Бул таң қаларлық бас кийим барлық турмысқа шыққан ҳаялларда болады.Киймешек кесте басқа кийилгенде,көкиректи жаўып турады бет ашык турады. Қызыл киймешек алды бир неше кесе нағыс жолақлардан турған өз алдына бир композиция. Қарақалпақ халык нағысы негизинен тәбият пенен өсимлик, жанлы маклуқ, космос пенен тығыз байланыслы, негизи өмирге жақын, бирақ затларды өзиндей етип сүўретлеўден аўлак болады. Бир заттың, өсимликтиң, мақлуқтын өзин толық көрсетпей, оның бир бөлегин сүўретлеў түркий халыкларының, әсиресе қарақалпақ нағыс өнериниң баслы белгиси. Мысалы: Айдыллы нағыс, атангөз,ғазмойын,ғарга тырнақ,ғаўаша гүл,ғумша,ерик гүл, зернағыс,ийрекей нағыс,ийт табан,киймешек нағыс ,қалта гүл,қоралы гүл,қорасаны,қошкар мүйиз,қумырысқа бел,кусканат нағыс,қустырнақ,кус тили, куўыршағауыз х.т.б

Кесте нағыслары халык турмысы менен, оның дүнья таныўы, хэр қыйлы түсиниклери менен тығыз байланыслы. Бул нәрселер нағыстың сүўретинен де,атамасынан да көринип турады. Қарақалпақларда бөлек шүберекке ислеп койған ямаса кағазга сызылған нағыс үлгиси болмаған. Үлги бурын питкен кестели зат хам устаздын көрсетпелери жәнe автордың шеберлиги қыялының жүйриклиги. Кесте тигиў, үйдин баў-шуўларын, гилем токыў онери усап, ҳаял-қызлардың кәсиби болған. Кесте тигиў өнерин толық менгерип алғаннан кейин,жана нағыс ойлап таппаса да,бурыннан қолланылып киятырган нағыстың бөлегин пайдаланып композиция курыў,иренлердин избе-излигин жайластырыўда жаңа усыллар енгизген шебер ҳаял-кызлар аты ел арасында

сақланған. Мысалы, мойнак районының Ақ дәрья деген елатында 1920-30-жыллары Сасенем деген шебер кыз болған, ол сары сынлы,аяғы жеңил, жәрдемге шакырған жерге ушып баратуғын болғанлықтан, аўыл адамлары «үпелек» деп атаған. Сасенем аўылласларына кестели кийимлер ислеп бериў арқалы ата-анасына ғәрежеттен жәрдем еткен. Жума кыз деген аты шыққан шебер болған. 1968-жылы бул жерлерде экспедиция ўактында ушыратқан кестели-затлардың авторы «жума кыздың үлгиси бойынша исленди», «жума кыздан үйрендик» деп жуўап беретуғын болған. Кесте тигиў өнери бурын Шымбай, Шоманай, Мойнақ, Коңырат, Хожели жақларда да раўажланған.

Кестешилик өнериниң әжайып үлгилерин көз-карашыгындай саклаўшы орын-Каракалпакстан Республикасы тарийхы хам мәденияты мәмлекетлик музейи. Музейде кесте қолланылатуғын, кестели нағыс пенен қапланган бир ғана Шынықап сақланады. Оның сыртты қызыл,сары,көк реңли жипек пенен толық торланған. Кестеленген Шынықап усап сийрек ушырасатуғын және бир әжайып зат к естели Шанаш.Әдетте Шанаш бузаў терисинен исленген болады, оган териден ямаса иреңли шүбереклерден үстине тигип нағыс әшекөйленеди. Аты аталғанлардан тысқары, бизин дәўирге келип жетпеген, адамлардың есинен шығып кеткен кестели затлар болыўы да мүмкин. Және бир кесте өнериниң әжайып үлгилеринин бири «Кок көйлек» (КП 7015) музейимиздеги бийбаха экспонатлардың бири. Баска халыкларда бундай кийим жок. Ол келиншек хам жас ҳаялдың кийими. Көк көйлектиң нағысына «саўыт нагыс» деп атама берилген. Көйлектиң бир неше ғана данасы сақланған. Мойнак районында «Бектурған терек» деген жерде 1914-жылы Несибели деген кыз дүньяга келеди. Ол анасы Айжамал кемпирден Көк койлек ти жипек сабақлар менен кесте тигиўди үйренеди. Көп узамай өзи ушын 16-жасынан 18-жасына дейин бир көк көйлекке кесте тигиўди баслайды. Ол еки жыл кесте тигиўди питкере алмайды сон турмыска шыққаннан кейин буны даўам етип, және еки жыл тоқып, ақыры оны питкереди. Әттен, оны-той мерекелерге көп кийип жүре алмайды. Сол ўакыттағы сыясатқа бола «Көк көйлекти» «Ескиликтиң қалдығы» деп қарайды. Несибели апамыз буннан қапа болып, төрт жыл, көзиниң майын тамызып тиккен көк көйлегин сандык түбине таслайды. Бул «көк көйлек» усылайынша сақланып келе берген. Несибелиден алты кыз туўылады. 1978-жыл ол өзиниң ен кишкене қызы Жийемуратова Улдайханга бул көк көйлекти естеликке береди. 1990-жыл 15- мартка дейин үйинде көздиң қарашығындай сақлап келген. Сол жылы Наўрыз байрамы ҳурметине бул көйлекти музейимизге тапсырады. Жуўмақлап айтканда, қарақалпақ кестешилик өнери халыктың мәдений мийрасы сыпатында өз әхмийетин жойтпайтуғын өлмес ғәзийнемиз.

## References:

1. Ағынбай Алламуратов «Қарақалпақстан искусствосының тарийхынан «Каракалпакстан» Нокис-1968
2. Алламуратов А. Доспанов О. Тилеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем өнер атамаларының сөзлиги»

3. А.Алламуратов «Мәңги мийрас» Нукус-1993
4. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты. «Қарақалпақ кийими» Нөкис-2014